N-97

MURATBAY NI'ZANOV

# JALPAQ TAWI'Q



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI
INV №

NO'KIS «BILIM» 2015

## QI’ZG’ANSHAQ

Qoblan ju’da’ qi’zg’anshaq bala. Wol ag’asi’ ya apasi’ bergen mazali’ na’rse bolsa u’kelerine de, doslari’na da ko’rsetpesten jep qoyar yedi. Al, wolardi’n’ qoli’nda bir na’rse ko’rse «mag’an-a’m bershi» dep sorap aladi’.

Bir ku’n qi’zi’q waqi’ya boldi’. Qoblanni’n’ apasi’ qalag’a ketip yedi. Wol apasi’na keterde «mag’an bir pashka vafli a’kelip ber» dep qaldi’. Apasi’ keleg’oymadi’. Qayta-qayta jolg’a shi’g’i’p qarap ju’r. Wog’an deyin qon’si’ balalar ji’ynali’si’p, u’sh ma’rte kelip ketti.

—Qoblan woynaysan’ ba?

—Jasi’ri’nbaq woynayi’q.

—Yaq, qasharman top woynaymi’z.

Qoblan hesh qaysi’si’na qayi’l bolmadi’.

—Woynamayman! —dep wo’jetlenip turi’p aldi’.

Balalar ketti. Bir waqi’tlari’ qarasa apasi’ kiyati’r. Shi’bi’nday ushi’p aldi’na shi’qti’.



Apasi' wog'an sonday shi'rayli' vafli a'kelgen yeken, Qoblan qag'azi'ni'n' suli'wli'g'i'na qarap, woni'n' ha'r jag'i'ndag'i' su'wretlerine qi'zi'g'i'p biraz ko'rip turdi'.

—Qoblan, ne-e, woynayi'qta yendi?!

Qarasa, ja'ne ballar toparlasi'p juwi'ri'p kiyati'r. Wol qoli'ndag'i' vaflidi qaltasi'na sali'p ta u'lgere almay, japti'n' boyi'ndag'i' uri'qli'qti'n' asti'na ti'qti'.

—Woynaysan' ba? —dedi ballardi'n' biri iynine asi'li'p.

—Woynayman.

—Ne woynaymi'z?

—Qasharman.

—Yaq, —dedi Qoblan wo'jetlenip. —Jasi'ri'nbaq woynaymi'z.

Ballardi'n' wo'zi jali'ni'p turg'annan keyin, Qoblanni'n' aytqani' boldi'.

—Wonda kim quri'nadi'?

—Men quri'naman! —dedi tag'i' da Qoblan.

Qoblan quri'ndi'. Balalar ha'r jaqqa tarap jasi'ri'ni'wg'a ketip barati'r.

—Bolg'an joq, bolg'an joq.

—Bolg'an joq, bolg'an joq.

—Boldi'.

Lekin, wolardi' izlep ju'rgen Qoblan joq yedi. Wol, balalar jasi'ri'ni'p ati'rg'anda vaflidi jep almaqshi' boldi'. A'tten'...

Wol qoyg'an jerin a'ri izledi, beri izledi, taba almadi'. Bir qarasa wo'zinin' jaqi'nda g'ana i'laq tuwg'an jag'al yeshkisinin' awzi'nda bag'anag'i' vaflidin' qag'azi'n bir-aq ko'rip qaldi'.

Woni'n' ha'mmeden qi'zg'ang'an vafliyin jag'al yeshki jep qoyg'an yedi.

# IJARA

Su'yewbay azanda wo'zinin' sur yeshegine jaydaq mindi de, ishine jarti' nan sali'ng'an fartugin iynine qayi'ri'p taslap ati'zg'a ketti. Wog'an paxta teriw buri'nnan da jaqpaytug'i'n yedi. Mug'allim bi'lay ji'li'si'p ketemen degenshe wol zorg'a shi'dadi'.

Tergen paxtasi' yeki qosi'wi's-aq boldi'.

—A'y, ma'yli, tu'ste basi'ma dastani'p uyqi'lawg'a jetedi, —dep qoydi' wo'zinshe.

Mug'allim ketiwden wol da ati'zdan shi'g'i'p ketti. Awi'lda ko'mekte boli'p ati'rg'an studentler menen bir zaman so'ylesip:

—Shou! —dep ketti wolarg'a da.

Son' jigildik terdi, ati'zdi'n' qaptali'ndag'i' quwrap ati'rg'an uri'qli'qqa wot berdi, yele tu'ynekleri toli'q ali'nbay ati'rg'an qawi'n ati'zdan bir-yeki tu'ynekti dizesine uri'p buzi'p jep keldi. Son' bag'anag'i' yeki qosi'wi's paxtasi'n dizesine qoyi'p uyi'qladi'.

Ku'n zerigerli wo'tse de kesh boldi'.



Ha'mme balalar ha'm studentler paxtasi'n wo'lshetip ati'r. Su'yewbay ta'rezi basi'nda ma'rdana turi'pti'.

— Senin' tergen paxtan' qayaqta? — dedi mug'a'llim wog'an.

— Bar-g'o, — dep ku'ldi Su'yewbay. — Ha'zir ko'resiz.

Mug'allim qarasa, student balalar:

— U'sh kilosi'n Su'yewbayg'a jaza-g'o.

— Bes kilosi'n Su'yewbayg'a jaz.

— To'rt kilosi'n usi' balag'a jazi'n', — dep ati'r.

Demde Su'yewbaydi'n' ati'na wo'tken paxta ju'z kilodan asi'p ketti.

— Bul qalay? — dedi mug'allim hayran boli'p.

— Nege wolar senin' ati'n'a paxta jazdi'ri'p ati'r.

— Mug'allim! Yesabi'n tabi'w kerek-ta'! — dedi Su'yewbay maqtani'shli' tu'rde. — Men wolarg'a paxtasi'n ta'rezige a'keliw ushi'n yeshegimdi ijarag'a berip qoydi'm.

## TAZADAN KELGEN BALA

Bul waqi'ya balalar sanatoriyasi'ni'n' birinde ju'z bergen yedi. Balalardi'n' ha'mmesi jazg'i' uzi'n palatkada uyqi'laydi', al ta'rbiyashi'lar bo'lek jayda.

Sanatoriyada dem ali'wshi'lardi'n' u'shinshi gezeginin' waqti'. Sol a'tirapta jasaytug'i'n, jasi' balalardan u'sh-to'rt jas u'lkenlew yeki bala tap boldi'. Yekewi ha'mme uyqi'lag'annan keyin ji'm-ji'ma keledi de, svetti jag'i'p jiberedi.

— Qa'ne, tazadan kelgen kim bar?

— Men.

Yeki bala aylani'p shi'g'adi' da:

— Krossovkan'di' shesh!

— Sportivkan'-a'm jaman yemes, alami'z!



Qullasi', ta'wir kiyimi bolsa sheship aladi', bolmasa qaltasi'na qollari'n ti'g'i'p jiberip, aqshasi'n aladi'.

—Yerten' ta'rbiyashi'g'a awi'z ashsan'i'z, ko'resiz!— dep dox uradi' ja'ne keterinde.

Balalar qori'qqani'nan hesh kimge aytpaydi'. Usi' awhal to'rt-bes ku'n dawam yetti. Bir ku'ni sanatoriyg'a bir ha'pte keshigip, wolardan yeki-u'sh jas u'lken bala keldi. Balalar wog'an ku'ndegi waqi'yani' ayti'p berdi. Tazadan kelgen bala da qorqayi'n dedi.

—A'y, balalar,—dedi Asqar degen bala sonda. —Men sizlerge bir na'rse aytayi'n ba, wol ballardi' qorqi'ti'wdi'n' joli' bar.

Son' wol wo'zinin' qi'yali'na kelgen ta'sildi tu'sindire basladi'. Bul ta'sil ha'mme balalarg'a jag'i'p tu'sti.

Tu'n boldi'. Qa'deli waqi'tta yeki bala keldi de svetti jag'i'p jiberdi.

—Tazadan kelgen kim bar?

Balalar sestin shi'g'armastan, bag'anag'i' balani' qoli' menen nusqadi'.

—A'y, tursan'-a'! —dep wolar tazadan kelgen balani'n' u'stindegi ko'rpesin serpip tasladi'.

Wol yerinsheklik penen woyanadi'.

—Newe?!

—Ne a'keldin'?

—Ne dedin'iz! —dedi tazadan kelgen bala aybat penen ha'm birimlep u'sti-basi'n sheshe basladi'.

Woni'n' yeki bilegindegi yeki jolbari'sti'n' su'wretin ko'rgen gu'dibuzarlar a'ste shegine basladi'.

—Sizlerden sorap turman! —dedi tag'i' da futbolkasi'n krovatqa taslap ati'ri'p.

Woni'n' ko'kiregindegi terminatordi'n' ba'hayba't su'wretine ko'zi tu'sken yeki bala yesikke qaray tura qashti'.

—Ballar, uslan'lar analardi'!

Bul waqta wolar sanatoriyani'n' si'rtqi' qorg'anshasi'na bari'p qalg'an yedi.

## ISBILERMEN

Aydosti'n' klasta woti'ri'p birden ishi bu'rip qaldi'. A'ri-beri i'n'i'rsi'p yedi, biraq, wog'an mug'allim di'qqat awdarmadi'. Taxtag'a jazi'lg'an uzi'n-shubay ma'seleni, sheshiwdi dawam yetti.

Aydos wonnan sayi'n i'n'i'rsi'ndi'.

—Mug'allim, Aydosti'n' ishi awi'ri'p woti'r, —dedi qasi'nda woti'rg'an dosti' Bati'r tu'rgelip.

—Ya? Solayma? Jaqpas bir na'rse jegensen'g'o, —dedi de mug'allim ja'ne jazi'wi'n dawam yetti.

—Mug'allim, Aydos ji'lap ati'r.

Mug'allim pordi' taxtag'a qoyi'p, Aydosti'n' qasi'na keldi.

—Bar, kitaplari'n'di' ji'yna da qayta ber, biraq, barg'annan keyin da'rriw shi'paker shaqi'rti'n', —dep Aydosqa ruqsat berdi.

—Mug'allim, men u'yine apari'p taslayi'n ba? —dedi Bati'r tu'rgelip. Bir wo'zi ju're almaytug'i'n shi'g'ar.

—Ba'rekella! A'ne, haqi'yqi'y dos usi'n-day boli'w kerek. Apara g'oy.



Mug'allim Aydos penen Bati'rg'a ruqsat berip, sabag'i'n dawam yetti.

Bati'rdi'n' u'yi mektepke jaqi'n yedi. Aydos ta papkasi'n Bati'rdi'n' u'yine qoyi'p, trikolari'n kiyip, yekewi bazarg'a qaray zi'tti'. Wolar mug'allimdi «awi'rg'ani'na» isendire alg'ani' ushi'n ju'da' ma's yedi.

Bazarda wo'zlerinin' ku'ndelikli qa'ltek arbasi'n skladtan aldi' da, kimnin' qapshi'g'i'n, kimnin' sumkasi'n kerek jerine jetkerip berip, shi'ti'rlag'an aqshalardi' wo'z ara bo'lisip qaltalari'na basi'p ju'r.

—Keleshekte isbilermen bolami'z-a', —dep qoydi' Aydos Bati'rg'a maqtani'p.

—Awa-da'!

—Ha'y, ballar, menin' mi'na yeki sumkamdi' mashi'ng'a deyin apari'p berin'!

Jasi' wortag'a barg'an semiz kelinshek yeki sumkani' i'rsi'ldap a'kelip, ballardi'n' qasi'na qoydi'.

—Jetkeremiz! Ko'ter Aydos birewin!

Wolar yeki awi'r sumkani' dizelerine mingizip zorg'a arbag'a qoydi'.

Hayal balalardi'n' aldi'na tu'sip kiyati'r. Bir waqi'tlari' qi'zi'l «Jiguli»din' qasi'na kelip toqtadi'.

—Ag'asi', vagaji'n'di' ashi'p jiber,—dedi kelinshek kabinag'a bari'p.

Kabinadan bir kisi kerilin'kirep bari'p tu'sti. Azmaz ko'zi ilinip ketken qusaydi'.

—Ha-aw?!—dedi wol birden Aydos penen Bati'rg'a ko'zi tu'sip. —Sizler neg'i'p ju'rsiz?

Wol bag'ana bular ruqsat ali'p ketken matematika mug'allimi yedi.

## QAYTI'M

«Bazar-Samanbay» dep jazi'p qoyi'lg'an kishkene marshrutli' taksige A'senbay yen' keyingi jolawshi' boli'p mindi. Bul miniwden mashina ju'rip ketti.

—Qa'ne, to'lep woti'ri'n'lar,—dedi shofyor mashina qozg'ali'wdan.

—Balam, jol kireyin' neshe som?—dedi aldi'rag'i'nda woti'rg'an bir g'arri'.

—Toqsan manat.

G'arri' ju'z som uzatti'. Shofyor ju'z somdi' motordi'n' u'stine jelimlengen rezina tarelkag'a tasladi' da, qasi'ndag'i' salafan qaltadan bir konfet ali'p uzatti'.

—Bul ne?—dedi g'arri' tu'sinbey.

—Qayti'mi'-g'o.

—Shi'rag'i'm-aw, senin' qayti'mi'n' qi'zi'q yekeng'o. Kampitti ne qi'laman?



—Ne qi'latug'i'n yedin', shay menen ishesen'. Bas-basi'n'a won somdi' qayaqtan tawaman.

Bunnan keyin jol kirey to'legenler di'm u'ndemey qayti'mg'a konfet ali'p qoya berdi.

—A'y, jigitler, jasawdi'n' joli'n biliw kerek,—dedi shofyor azmazdan keyin maqtani'p. —Bala-shag'a bazarda konfet-pechenye satadi'. Azanda to'rt-bes kilo ali'p shi'g'aman, keshke deyin tawsi'ladi'. Won somli'q konfet ushi'n heshkim wo'kpelemeydi.

Bir waqlari' tarelkadag'i' pulg'a ko'zi tu'sip ketti de:

—Bir adam to'lemepti-g'o, kim qaldi'?—dedi shofyor.

—Men,—dedi A'senbay.

—Men degenshe to'lesen'-o, shappattay balasan'! —Shofyor wortadag'i' aynadan A'senbaydi' jep qoyatug'i'nday yetip qaradi'.

A'senbay shorti'yi'ni'n' yeki qaltasi'na birden qol sug'i'p, bir qi'si'm konfetti pul sali'ng'an rezina tarelkag'a tasladi'.

—Bul ne?!—dedi shofyor shorshi'p.

—Wo'zin'nin' ku'ndegi bergen qayti'mlari'n'-g'o!

Mashinada woti'rg'an jolawshi'lar du'w ku'lip jiberdi.

## GERBISH

Shamurat ag'a u'yinin' qaptali'nan kishigirim asxana ha'm wol-pul qoyatug'i'n da'nxana sali'w ushi'n jaz shi'g'i'wdan da'ryani'n' boyi'na bari'p, gerbish quyi'p ati'r yedi.

Tu'ste wog'an aqli'g'i' Mi'rzabek awqat, shay a'keldi. Atasi' tu'slenip bolaman degenshe Mi'rzabektin' ishi pisti. Ne woynari'n bilmedi. Qarasa, atasi' quyg'an gerbishlerdin' qasi'nda uzi'nli'g'i' bir metrdey



tayaq jati'r yeken. Wol tayaqti' aldi' da, woni' bir barmag'i'ni'n' ushi'na qoyi'p, ko'p waqi'tqa deyin tu'sirip jibermey woynap ju'rdi. Qa'pelimde wol atasi' jan'a g'ana quyg'an gerbishtin' birewin bilmey basi'p aldi'.

Mi'rzabek bul ayi'bi'n bildirmew ushi'n di'm u'ndemey kelip, atasi'ni'n' qasi'nda woti'ri'p aldi'.

—Boldi'm balam, i'di'slardi' ji'ynap a'kete g'oy,— dedi atasi' wog'an azi'raqtan keyin.

Mi'rzabek «ayi'bi'» bilinbey, tez-tez u'yge qaytti'.

Shamurat ag'a azi'raq ti'ni'g'i'p ali'p, na'wbettegi qa'lipti ko'terip kelip yedi, jan'a g'ana jas gerbishtin' u'stinen basi'lg'an balani'n' izin ko'rdi. Wol aqli'g'i'-nan sira' da gumanlang'an joq. Bi'lay-bi'lay qarap yedi, gu'belek quwi'p ju'rgen bir balani' ko'rdi.

—Berman kel!—dedi wog'an ashi'wi' kelip. Hesh na'rsege tu'sinbegen bala juwi'ri'p keldi.

—Mi'naw kimnin' izi?

—Bilmeymen.

— Nege bilmeysen'? Usi' do'gerekte sennen basqa bala bar ma?

— Menin' izim yemes, — dedi bala ku'yip-pisip.

— Wonda kimnin' izi ya? Kimnin' izi deymen?! Sag'an aytaman! Shamurat ag'ani'n' ashi'wi' kelip, balani'n' shekesine bir shappat uradi'.

Jazi'qsi'z ja'birlengen bala ji'lap jiberdi.

— Menin' izim yemes dedim-g'o, menin' izim yemes! Menin' izim — Mine! Mine! Mine!

Bala ashi'w menen ji'lap ju'rip to'rt gerbishten uzi'ni'na to'selip jati'rg'an ha'mme gerbishti ni'qlap-ni'qlap basi'p wo'tip, ari' qaray qashi'p ketti.

## QONAQLAR

Azamat u'ydegi yen' kishkentay, yen' yerke bala yedi. Gu'zde birinshi klasqa baradi'.

Bir ku'ni woni'n' u'yine qonaqlar keldi. Ag'asi' qoy soydi'. Apasi' dasturqang'a ha'mme jemislerden qoydi'. A'sirese, Azamatti'n' awzi'ni'n' suwi'n qurtqan u'lken padnostag'i' u'lken tort boldi'.



—Apa, mag'an torttan qurttay berse, —dedi Azamat apasi'na.

—Qoyi'p tur, qonaqlar ketsin!

—Qonaqlar ba'rin jep qoyadi'-g'o!

—Jemeydi! Sen jegendey qaladi'.

Wonnan keyin mazali' shokoladlar qoyi'ldi'.

—Apa, shokolad berse! —dep tag'i' soradi'.

—Qoyi'p tur, qonaqlar ketsin. Ketken son' jeysen'.

Azamat qonaqlardi'n' ketiwin asi'g'i'sli'q penen ku'tti. Biraq, wolar keteg'oymadi'. Ku'lisip woti'r, qosi'q ayti'si'p woti'r, qaytatug'i'n tu'ri joq. Bir qarasa ... tort sali'ng'an podnosqa jigirmalag'an qol birden bardi' da, tabaqti' tap-taqi'r qi'ldi'. Azamat shorshi'p ketip, worni'nan ushi'p turdi'. Wol awi'zdag'i' jay-dag'i' divanda ku'tip jati'p, uyqi'lap ketken yeken.

Azamat bunnan arti'q shi'day almadi'. Qonaqlar woti'rg'an jaydi'n' qapi'si'n tars yettirip ashi'p kirip bardi'. Ha'mme bug'an jalt qaradi'.

—A'y, qonaqlar! Qashan qaytasi'z! —dedi wol bosag'ada turi'p. Woni'n' uyqi'dan ko'zleri yele de duri'slap ashi'lmay tur yedi.

Qonaqlar ne derin bilmey qaldi'.

—Wol ne qi'lg'ani'n' —dedi yesikke taman woti'rg'an apasi' juwi'ri'p kelip. —Uyat boldi'-g'o!

—Wo'zin'-g'o, qonaqlar ketken son' jeysen' degen! —dedi Azamat apasi'na wo'kpeli pishinde.

Apasi' qonaqlardi'n' aldi'nda qi'p-qi'zi'l boli'p ketti.

## GENJETAY

—Da'wletbay, tur balam, menin' tufliyimdi tazalap jiber, —dedi ag'asi' azan menen balasi'n woyati'p.

Da'wletbay azang'i' uyqi'ni' qi'ymay ko'zin zorg'a ashti' da, son' tez-tez kiyinip ag'asi'ni'n' tufliyin mayladi'.

— Da'wen, tawi'qlari'n'a da'n sali'p, suw quyi'p jiber, — dedi mamasi' buni'n' izinshe.

Wol qapshi'qtan bir kese ju'weri ja'ne bir quman suw ali'p, tawi'q qorag'a juwi'ri'p ketti.

— Da'wletbay, Azizag'a bari'p kelshi, ketpey tursi'n, ha'zir shi'g'aman, — dedi u'lken a'japasi'.

Wol shi'bi'nday ushi'p qon'si'ni'n' u'yine ketti.

— Da'wlet, to'rgi jayda menin' portfelim qali'p qoyi'pti'.

Da'wletbay a'jag'asi'ni'n' portfelin a'kelip berdi.

— Da'wlet, menin' ruchkamdi' ko'rmedin' be? — dedi wortanshi' a'japasi'.

— Yaq.

— Wonda kitap shkaflardi' qarap tez tawi'p bershi, keshigip qaldi'm.

Wol ko'p jerlerdi aqtari'p, zorg'a degende bir ruchka tawi'p berdi.

— Da'wlet, Aygu'ldin' u'yine bari'p kel, tez, — dedi yen' kishkene a'japasi'. — Keshe menin' «matematikam»di' ali'p yedi, qayti'p bersin, ha'zir birinshi sabaq.

Wol shi'bi'nday ushi'p Aygu'ldin' u'yine juwi'ri'p ketti.



— U'h, balani'n' kishkenesi bolg'an di'm jaman-a'! — dep qoydi' qayti'p kiyati'ri'p. Sebebi, woni'n' ha'r ku'ni azanda usi'lay baslanatug'i'n yedi.

— Da'weken' qayda? — dedi ag'asi' kesh-

te qapi'dan keliwden. —Aynanayi'n deydi ag'asi', qa'ne mi'nani' kiyip ko'r, basi'n'a bola ma yeken?

Ag'asi' wog'an qasnag'i'nda anglishansha jazi'wi' bar jaz kiyer kepka a'kelgen yeken, kiyip ko'rip ushi'p-ushi'p quwandi'.

—Da'wen, beri kel balam, —dedi apasi' bir waqta. —Ma', mi'na bo'tekeni shi'g'ari'p qoydi'm. Awqat piskenshe jep al, bo'teke degen genjetay balani'n' payi' boladi'.

Wol bir bo'tekeni bir wo'zi ra'ha'tlenip jep aldi'.

—Da'wle-et! —dedi u'lken a'japasi' yesikten kiriwden woni' yerkeletip shaqi'ri'p. —Bilesen' be, men ne a'keldim sag'an!

Da'wlet kishkene bolsa da wonsha jen'iltek minezli yemes yedi, di'm u'ndemey mi'rji'yi'p, a'japasi'ni'n' aldi'nan shi'qti'. A'japasi'ni'n' alaqani'nda yen' mazali' shokolad tur yedi.

A'jag'asi' wog'an keshte sveti jani'p ati'latug'i'n topansha a'kelip berdi, wortanshi' a'japasi' kino juldi'zlari'ni'n' su'wreti sali'ng'an saqqi'z. Qasi'nda heshqashan bir som da pul ali'p ju'rmeytug'i'n yen' kishkene a'japasi' da sol ku'ni bos kelmedi.

—Mektepte jari's boldi', —dedi wol. —Uzi'n sabaqqa ha'r qi'yli' sawg'alar baylap qoyi'ldi', ko'zin'di baylap bari'p, qoli'n'dag'i' qayshi' menen birewin qi'yi'w kerek. Men sonnan rezina top uti'p aldi'm. Da'wlettin' topti' jaqsi' ko'retug'i'ni' yesime tu'sip, di'm quwani'p kettim-g'o...

—Balani'n' kishkenesi bolg'an qanday jaqsi' ya? — dep woylap qoydi' Da'wletbay topti' sekirtip woynap ati'ri'p.

Sebebi, bunday sawg'alar ku'nde bolmasa da tez-tez boli'p turatug'i'n yedi.

## BIZNES

Begis sabaqlardan jaqsi' woqi'ydi'. Biraq, basqalarg'a da u'yretedi. A'lbette, buni'n' bir liykini bar...

Begis doslari' Won'g'ar, A'metbek ha'm Qurbanlar menen mektepten birge shi'qti'. Wolar joldi'n' ayri'li'satug'i'n jerine kelgende ku'ndegisinshe jen'il xoshlasi'p qoydi'.

— Saat to'rtten qalman', — dep baqi'rdi' Begis balalardi'n' izinen. — Keshiksen'iz men woyi'ng'a shi'g'i'p ketemen.

Won'g'arlar sumkalari'n jol boyi' A'metbektin' u'yine qaldi'rdi' da, tuwri' bazarg'a tartti'. Wolar biryeki pirashkiden jep aldi' da, ha'r qaysi'si' wo'z arbalari'n ali'p, bazarg'a su'ngip ketti.

Bazarda bunday arbalar ko'p, sonli'qtan qardar tabi'w qi'yi'n yedi. Buni'n' ushi'n shaqqan ja'ne wonsha tarti'nshaq bolmawi'n' kerek. Bundayg'a a'tten', Won'g'ar wolaqlaw. Tani's adam ko'rse uyali'p, bi'lay qarap ketip qaladi'.

— Qansha tapti'n'i'z? — dedi A'metbek biraz wo'tkennen keyin wa'deli jerde ushi'rasi'p.

— U'sh mi'n', — dep juwap berdi Qurban.

— Men de... Sen ne Won'g'ar?

— Meniki tek mi'n' som.

— Wol jetpeydi-g'o, — dedi A'metbek ku'yip-pisip. Sag'an qari'z berip turi'wg'a da bizlerde zi'yat pul joq.



RESPUBLIKALI'Q MA'LIMLEME-RESURSLI'Q WORAYI'
INV № 83978

—Bolmasa, yendigi tabi'lg'an qardarlarg'a Won'g'ardi' jibereyik, —dedi Qurban jol tawi'p.

Usi'ni'n' arasi'nsha bir kisi:

—Arba! —dep baqi'rdi'.

—Bar, Won'g'ar! Shap.

Won'g'ar arbasi'n tasi'rlati'p aydap jetip bardi'.

—Neshe som menen aparasan'? —dedi jan'ag'i' kisi zatlari'n sali'p ati'ri'p.

Usi' waqi'tlari' jan'ag'i' kisinin' hayali' yeki sumka ko'terip kelip tashkige saldi'.

—Haw, Won'g'armi'san'?

Won'g'ar jalt qarap yedi, qarasa wori's tili mug'allimi Kamila! Uyali'p ketti.

—Sabaq tayarlamaysan' ba? Bazarda neg'i'p ju'rsen'?

—Tayarlayman-g'o, mug'allim... Azmaz biznes qi'layi'n dep...

—Bunday mayda biznes penen keleshekte hesh kim bola almaysan'-g'o. Sabaqtan jaqsi' bilsen' biznestin' tu'r-tu'rin woylap tabi'wi'n' mu'mkin yedi. Meyli, ayda!...

Wolar u'shewi yesikti qaqqanda Begis qashshan ku'tip woti'rg'an yeken. Keliwden bulardi' stolg'a woti'rg'i'zdi' da ku'ndegi diywalda iliwli turg'an taxtag'a ma'seleni jazdi'.

«A stanciyasi'nan S stanciyasi'na qaray shi'qqan poezd saati'na 90 km tezlik penen kiyati'r. Al, S stanciyasi'nan shi'qqan tez ju'rer poezd saati'na 120 km tezlik penen. Wolar yekewi bir saat won bes minut ju'rgennen keyin B stanciyasi'nda ushi'rasti'. Stanciyalardi'n' arasi' qansha?»

Begis wolarg'a tu'sindirip woti'rmadi' da, demde joli' menen sheship-sheship berdi.

—Yesaplaymi'z. Saati'na 90 km tezlik penen bir saat won bes minut ju'rse, demek bul 112,5 km

boladi'. Sonda A stanciyasi' menen B stanciyasi'ni'n' arasi' 112,5 km. Al, saati'na 120 km tezlik penen ju'rgen poezd bir saat won bes minuta 150 km arali'qti' wo'tedi. Demek, B stanciyasi' menen S stanciyasi'ni'n' arasi' 150 km.

Balalar ma'seleni ko'shirip bolg'annan keyin mi'n' somnan shi'g'ari'p Begiske berdi.

—Yendi ana tildin' shi'ni'g'i'wlari'n sheshemiz,— dedi Begis taxtani' wo'shirip ati'ri'p. —Bundag'i' tapsi'rma —kino, kitap, a'diraspan, yetik so'zlerine ga'p qurap jazi'w.

Ana tili shi'ni'g'i'wi' matematikag'a qarag'anda tez boli'ndi'.

Balalar ja'ne de mi'n' somnan shi'g'ari'p, Begiske berdi.

—Yendi wori's tili boyi'nsha...

Begis pordi' qoyi'p izge qarap yedi, Won'g'ar shi'g'i'p barati'r yeken.

—He, Won'g'ar, qayaqqa?

—Bazarg'a. Azmaz biznes qi'li'p qaytpasam... Wori's tilge jetpey qaldi'.

## REVANSH

Jigerbay qon'si' ko'shenin' ballari'nan basi'li'n'-qi'rap, qapa boli'p keldi.

—Bizler ne, mi'na ko'shenin' ballari'nday juwi'ra almaymi'z ba?—dedi ko'shedegi wo'zi menen woynaytug'i'n ballardi' ji'ynap.

—Juwi'rami'z,—dedi ha'mmesi.

—Kim juwi'rg'i'sh?

—Amanbay.

—Yaq, Sa'tbay degen do'n'gelek-g'o wol. Biraq...

—Ne biraq?

—Wog'an muzqaymaq a'permesen' juwi'rmaydi'-da'!

Ballar duw ku'listi. Sebebi, Sa'tbaydi'n' bet-awzi' jag'al-jag'al boli'p, yele muzqaymag'i'n tawi'sa almay ati'r yedi.

—Sa'tbay, juwi'rasan' ba?

—Juwi'raman, muzqaymaq a'persen'?

Ha'mme ja'ne duw ku'ldi.

—A'peremen!—dedi Jigerbay. —Yerten' saat won birde mekteptin' stadioni'na barami'z. Mi'na ko'she-degi Yerbay degen bala menen ju'z metrge juwi'-ri'sasan'? Yaqshi' ma?

—Yaqshi'.

Yerten'ine stadiong'a yeki ko'shenin' ballari' ja'm-lesti.

Start berildi. Yekewi shi'bi'nday ushi'p barati'r. Bir waqta Yerbay arani' ashti'. Ayaqlari' uzi'n yeken. Finishke jetemen degenshe Sa'tbay ta'wir-aq artta qaldi'. So'ytip, kesheden bergi woylasi'q bir pul boldi'. Abi'ray ana ko'shenin' ballari'nda ketti.

—Yaqshi', bul ret bolmadi',—dedi Jigerbay ana ko'shenin' atamani'na. —Yerten' qaytadan juwi'ri'-sami'z.

—Nege?

—Revansh boladi'.



— Meyli, kerek desen' arg'i' ku'ni de juwi'ri'sami'z, — dedi wol ko'shenin' atamani' mardi'yi'p.

Yerten'ine yeki ko'shenin' ballari' stadiong'a qayta ji'yi'ldi'. Bul ret biylikti Jigerbaydi'n' wo'zi qolg'a aldi'.

— Bu'gin revansh wo'tkeremiz, — dedi wol yeki ko'shenin' ballari'na qarap. — Yerbay menen Sa'tbay qaytadan juwi'ri'sadi'. Yeger Sa'tbay bu'gin de qali'p qoysa, wonda qayti'p juwi'ri'spaymi'z. Jen'is bulardiki. Yendi menin' qollari'ma qaran', mi'na kishkene shelekte won pachka muzqaymaq bar. Buni' finishke qoyami'z. Kim buri'n jetse muzqaymaq soniki.

Balalar qol shappatlap jiberdi.

Start berildi. Ha' degende Yerbay aldi'g'a shi'g'i'p yedi, bir waqlari' qarasa «Tiko»ni'n' ko'sherinen shi'g'i'p ketken do'n'gelegindey jumalap barati'rg'an Sa'tbaydi' ballar tani'may qaldi'. Yerbay yeliw-alpi's metrge bari'p u'lgermey-aq, Sa'tbay muzqaymaq toli' shelekti qol ushi'na ko'terdi.

## VELOSIPED

Quwat won yekide, Polat tog'i'zg'a shi'g'adi'. Ag'asi' wolardi' miynetke u'yreteyin dep, yerte ba'ha'rde wo'zi shapqan qara tal qadalari'nan bes-besten putap berdi.



—Usi'ni' yekewin'iz yeki salmani'n' boyi'na yegin', —dedi wolarg'a. —So'ytip, jaqsi'lap ta'rbiyalan'. Bir aydi'n' ishinde qaysi'si'n'ni'n' teregin' jaqsi' boli'p wo'sip ketse, soni'n'i'zg'a velosiped a'peremen.

Quwat ha'remnin' won' jag'i'na, Polat shep jag'i'na bes tu'pten qara tal yekti. Suw quydi', tu'bin dombi'qladi'. Velosiped ali'w i'qlasi' menen tereklerdi ha'r ku'ni ta'rbiyalawdi' umi'tpadi'. Lekin, Polat Quwatqa qarag'anda yele jasi'raq, ha'm yerinsheklew yedi. Sonli'qtan wol terekke qarawdi' gey ku'nleri umi'ti'p ketip, bazda u'sh-to'rt ku'nlep suw quyi'lmay da qali'p ju'rdi. Quwat bolsa qas qarayg'ansha u'yge kirmeydi. Terekleri menen mashqul.

Aradan bir ay wo'tkennen keyin ag'asi' wolardi' qasi'na yertip, tereklerin ko'rdi. Polatti'n' yekken tereklerinin' shaqasi' jan'a bir qari's bolg'an ha'm japi'raqlari' sarg'ayi'p tur. Al, Quwatti'n' terekleri bolsa anaday jerden-aq ko'zge taslanadi'. Japi'raqlari' toptoyg'i'n, jap-jasi'l.

—Demek, velosipedti Quwatqa a'peremiz, —dedi ag'asi' woni'n' iyninen qag'i'p.

Polat bulti'yi'p qaldi'.

—Balam, sen hayyari'raqsan'? —dedi ag'asi' Polatti'n' da basi'nan si'ypap. —Ku'n bati'wdan televizordi'n' aldi'nda woti'ri'p alasan'!

—Yaqshi'. Bu'gin woti'rmayman.

I'rasi'nda da solay boldi'. Ag'alari' menen apalari' yendi keshki awqatqa qol juwayi'n dep ati'rg'anda Polat qollari' i'lay-i'lay boli'p si'rttan kirip keldi.

—A'ne-e, menin' balam-a'm jumi's islewge u'yrenip kiyati'r, —dedi ag'asi' woni' qasi'na shaqi'ri'p. —Qa'ne, ne islep keldin', balam?

—A'jag'amni'n' yekken tereklerin tawlap shi'qti'm, ag'a! Yendi velosipedti mag'an a'peresen'-g'o, ya?

Azanda qarasa Quwatti'n' tereklerinin' japi'raqlari' mi'lli'yi'p, soli'p qali'pti'.

Polatti'n' sumli'g'i'na ashi'wlang'an ag'asi' yekewine de velosiped a'permey qoydi'.

## YEGIZEKLER



Asan menen U'sen u'shinshi klasta woqi'ytug'i'n yedi. Asan sabaqtan ziyrek. Mug'allimnin' awzi'nan shi'qqan so'zin sol waqta yadlap aladi'. Lekin, U'sennin' i'qlasi' jog'i'raq. A'sirese, yesaptan. Birge-birdi qosi'wdi' aljasi'p zorg'a aytadi', al ko'beytiwge kelgende birotala tamam. Mug'allimnin' ayti'p bergenin qaytari'p ta ayti'p bere almaydi'.

Bir ku'ni mug'allim Asan-U'sennin' u'yine kelip, ag'asi'na bar jag'daydi' tu'sindirdi.

—Yag'a', mu'mkin yemes,—dep ag'asi' yegizek ballari'n aldi'na shaqi'rdi'. Mug'allim qasi'nda woti'rdi'.

—Qa'ne, wo'zim bir si'nap ko'reyin. U'sen, sen aytshi' mag'an, qoli'n'da bir alma bar, sag'an ja'ne bir alma bersem neshew boladi'?

U'sende ses joq.

—Yaqshi', an'satlasti'rayi'q. Qoli'n'da bir pechenye bar yedi, wog'an ja'ne bir pechenye apari'p qosti'm, neshew boldi'?

—Qashan qosti'n'?!

—U'h-h! —Ag'asi' worni'nan turi'p ketti. —Yekige yekini qossan' neshe boladi'?

U'sen ji'm.

— Yekige yekini ko'beytsen' neshe boladi'?

Juwap joq.

— U'shti-u'shke ko'beytsen'?

Ag'asi' U'sen ushi'n biykar wo'jetleskenin bildi.

— Keshirersiz, — dedi mug'allimge. — Men ba'rha jumi's penen boli'p, ballardi'n' sawati'n duri'slap teksermegen yekenmen. Yerten' azanda U'sen ko'beytiw kestesin bilip barmasa, men ati'mdi' basqa qoyaman!

— Yerten' yemes, bir ayda u'yrense de boladi'!

— Yaq, yerten' bilip baradi'... Ko'rersen', azanda sayrap turadi'.

Mug'allim ketkennen keyin ag'asi' U'sendi jaqsi'lap awqatlandi'rdi', shay-suwi'n berdi. So'ytip, sabaqqa kiristi. A'ke-mug'allim, bala-woqi'wshi'. Ku'n bati'wg'a meyillesti. Wo'tip ati'rg'an waqi'tta yesap joq. Gewgim tu'sti. Tu'n boldi'. Yari'm aqshamg'a qarap barati'r... Lekin, U'sende alg'a ilgerilew ko'rinbeydi!

Ag'asi' bo'lmenin' ishinde ari' ten'selip-beri ten'selip, aqi'ri' ashi'w menen:

— Asan! — dep baqi'ri'p jiberdi.

Uyqi'li' woyaw Asan jetip keldi. Ag'asi' wolar yekewin yeki qolti'g'i'na ali'p turi'p, qulag'i'na muqi'yatlap bir na'rselerdi aytti' da:

— Yendi bari'p uyqi'lan'! — dedi ashi'w menen. Wo'zi de bo'lmesine ketti.

Yerten'ine mug'allim sabaq sorawdi' asi'g'i'sli'q penen basladi' da, U'sendi wortag'a shi'g'ardi'.

— Bir ko'beytiw bir neshe?

— Bir.

— Yeki ko'beytiw yeki?

— To'rt.

— To'rt ko'beytiw to'rt?

— Won alti'.

—Bes ko'beytiw bes?
—Jigirma bes.
Mug'allim hayran.
—Alti' ko'beytiw alti'? Jeti ko'beytiw jeti? Segiz ko'beytiw segiz?
U'sen mug'allimnin' so'zi awzi'nan shi'qpay ati'ri'p, juwabi'n du'rs yettirip tur. Yendi sorawdi' qi'yi'nlasti'ri'p ko'rdi.
—Alti' ko'beytiw jeti?
—Qi'ri'q yeki.
—Tog'i'z ko'beytiw segiz?
—Jetpis yeki.
Bolmadi'. Mug'allim bes qoyi'wg'a ma'jbu'r boldi'.
Son' woqi'wshi'larg'a kelesi ku'nge tapsi'rma berdi de waqti'nan buri'n ta'nepiske shi'g'i'wg'a ruqsat berip jiberdi.
—Sizler woti'ri'p turi'n',—dedi mug'allim Asan-U'senge.
Yegizekler woti'ri'p qaldi'.
—U'sen, i'rasi'n'di' ayt, bir ku'nde usi'nsha na'rseni qalay u'yrenip aldi'n'?
U'sen ji'm.
—Aytsan' ja'ne bir bes qoyaman.
Wolar bir-birine qaradi'.
—Aytsaq uri'spaysi'z ba?
—Yaq.
—Men U'sen yemespen,—dedi ku'ni menen taqi'ldap juwap bergen bala.—Asanman. U'sen mine! Bizler tek worni'mi'zdi' awmasti'ri'p woti'ri'p yedik.

## PAYG'AZI'

Gu'listan balasi' Aydosti' «musi'lman» yetip, wog'an qaraw ushi'n yeki-u'sh ku'n ken'sege kelmey qaldi'.



—A'y, kelinshekler, —qutli' bolsi'ng'a barmaymi'z ba? —dedi bir ku'ni ken'sede birge isleytug'i'n doslari'nan biri Za'wre.

—Barayi'q, —dedi Aygu'l.

Wolarg'a Nurjamal qarsi' shi'qti'.

—Ayli'q ali'p alayi'q, barg'an son' quri' bara alasan' ba?! «Payg'azi'» dep balasi'ni'n' qoli'na bir-yeki som uslati'w kerek.

—U'sh mi'n'nan bersek boldi' da, wog'an bir batpan aparayi'n dep ati'rsan' ba? —dedi hayallar.

—Sol u'sh mi'n' mende joq boli'p tur g'oy, yerten' barayi'q, —dedi Nurjamal.

—Yerten' wo'zi jumi'sqa shi'g'i'p qalsa, uyali'p qalami'z. Ju're ber, sennen birew sorap alayi'n dep ati'r ma? Bizler beremiz-g'o!

U'shewi tu'ste Gu'listanni'n' u'yine qutli' bolsi'ng'a keldi. Kirer awi'zdag'i' bo'lmede Aydos yele ta'ta'rrigin kelistirip jati'r yedi. Apasi' menen sorasi'p bolg'an hayallar balani'n' qasi'na kelip, murni'nan shi'mshi'p qutli' bolsi'n aytti' ha'm «payg'azi'» dep atap kelgenlerin qoli'na qi'sti'.

Gu'listan doslari' kelgenine quwani'p, pa'yik boli'p xi'zmet yetti. Aldi'lari'na qara shay demlep qoydi'. Tu'rli-tu'rli jemislerdi dasturqang'a u'yip tasladi'. Yeki-u'sh ku'nnen beri jumi'sqa barmag'anli'qtan sag'i'ni'p qalg'an yeken, ken'sedegilerdi qaldi'rmay sorap ati'r.

—Apa! —dedi bir waqta balasi'. Gu'listan ha' degende juwap bereg'oymap yedi, Aydos qaytadan qatti'raq baqi'rdi'.

—Apa deymen!

—Ha-aw, — dep dawi'sladi' Gu'listan woti'rg'an jerden.

—Berman kelip ket!

—Ayta ber balam, yesitip ati'rman.

—Jan'ag'i' kelgen hayallar neshew yedi?!

—He, woni' ne qi'lasan'?

—Neshew yedi deymen, apa?!

—... U'-u'shew, — dedi Gu'listan hayran boli'p.

—Birewi bermey ketipti-g'o! Nurjamal qi'si'ng'a-ni'nan Aygu'l menen Za'wrenin' taqi'mlari'nan burap aldi'.

## JALPAQ TAWI'Q

Anasi' jumi'sqa barati'ri'p kishkene balasi' Sul-tang'a zinharladi'.

—Sultan, sabaqlari'n'di' tayarlap boli'p buzawlari'n'a wot sal, tawi'g'i'n'a da'n ber, suw ber, tag'i' woynap ketpe balam.

—Yaqshi', apa, isleymen, — dedi Sultan isenimli tu'rde.

Apasi' ketken-nen keyin Sultan woni'n' ha'mme tapsi'rmalari'n wo-ri'nladi', buzawlarg'a wot saldi', tawi'qqa da'n shashti', ha'tte, u'ydegi suw she-leklerdi de tolti'ri'p qoydi'. Son' tawi'q-lar uzaqqa ketip qalmaw ushi'n uza-



g'i'raqtan qarag'i'shlap ju'rdi. Wo'ytpese bolmaytug'i'n yedi. U'yden sa'l ali's ketse go'ne salmani'n' ishinen sag'al kelip ali'p ketedi. Buri'n sondaydan yeki qorazdi' jep ketken yedi.

Ha'kisine mektepte birge woqi'ytug'i'n Ru'stem balalardi' yertip jetip keldi.

—Sultan, ju'r, qasharman woynaymi'z,—dedi wol kele qolti'g'i'na qoli'n wo'tkerip.

—Yaq, woynamayman. Apam tawi'qlarg'a qarap ju'r dedi.

—Tawi'qti' bag'i'wdi'n' ne keregi bar, wo'zleri ju're beredi-g'o.

—Sag'al jep ketedi.

—Qayaqti'n' sag'ali'?! Bizlerdin' shawqi'mi'mi'zdan sag'al kele ala ma?

Sultanni'n' barg'i'si' da keldi, keteyin dese tawi'qlari'nan ayri'li'p qali'wdan qori'qti'. Aqi'ri', woyi'ndi' qi'ymadi', balalarg'a yerip ketti.

Azi'raqtan keyin arba jol menen wo'tip barati'rg'an «lo'kkibay»di'n' baloni'ni'n' «shu'yk» yetkeni yesitildi. Wolar mashina ta'repke bir qaradi' da qayttan woyi'n menen mashqul boldi'.

—A'y, ballar, berman kelip ketin',—dedi bir waqta qalpaqli' bir kisi wolardi'n' qasi'na kelip.

Balalar woynan'qi'rap bari'p irkildi.

—Mi'na tawi'qti'n' kimdiki yekenin tani'ysi'z ba?

Ha'mmeden buri'n Sultan juwi'ri'p bardi'.

—Bizin' tawi'qqa usaydi' da, biraq.

—He?

—Bizin' u'yde bunday jalpaq tawi'q joq yedi!

Mashina Sultanlardi'n' qi'zi'l qorazi'n ja'p-jalpaq yetip yezip ketken yedi.

# TA'RTIPLI KLASS

Wo'tepbergen mug'allim wo'zi basshi'li'q yetetug'i'n alti'nshi' klasqa shi'q juqti'rmay maqtaydi'. Geyde mug'allimler bo'lmesinde wog'an «klasi'n' ta'rtipsiz» dey g'oysa, sabag'i'n qoyi'p uri'si'wg'a tayar. Aqi'ri', bul kirgende balalar ji'n'q yetpey woti'radi', ushqan shi'bi'nni'n' i'zi'ldi'si' yesitiledi. Woni'n' sabag'i'nan ha'mme balalar jaqsi' bahalarg'a u'lgeredi. Sonnan keyin wolardi' qalay jaman desin. Lekin, direktordi'n' an'li'g'ani' usi'ni'n' klasi'.

Bir ku'ni u'lken ta'nepisten keyin Wo'tepbergen Qabi'ldi' taxtag'a shi'g'ari'p jan'a sabaq sorap ati'r yedi. Direktor ashi'wli' kirip keldi. Ha'mme balalar wori'nlari'nan wo'rre turi'p, sa'lem berdi.

—Qa'ne, da'lizdegi aynani' si'ndi'rg'an kim?—dedi balalarg'a birme-bir si'n na'zeri menen qarap.

Heshkim u'ndemedi.

—Ayti'n'lar! Ba'ribir tawi'p alaman!

—Mug'allim, bizler yemes.



— Sizler! Men izin'izden jete almay qaldi'm. Usi' klasqa kirdi.

— Yag'-aw, mug'allim, mi'na klass shi'g'ar, — dep balalar qon'si' jetinshi klasti' nusqadi'.

— Usi' klass! — dedi direktor ashi'wlani'p.

— Direktor inim, ku'ni menen u'ndemey baqlap turg'an Wo'tepbergen mug'a'llim ga'pke aralasti'. — Balalarg'a iseniw kerek. U'lken adamlar aldasa da, balalar aldamaydi'. Ko'rip tursi'z g'oy, «bizler yemes» dep ati'r. Bizin' klastan wonday ta'rtipsizlik shi'q-paydi'.

Direktor bir zaman u'ndemey yeglenip turdi' da, ashi'w menen klastan shi'g'i'p ketti. Direktor si'rtqa shi'g'i'w boyi' balalar pi'qi'r-pi'qi'r ku'le basladi'. Bul ku'lkinin' sebebin Wo'tepbergen mug'allim de bildi.

— Ha', won'bag'anlar, ko'rdin' be, ayna si'ndi'rg'ani' menen turmay, ja'ne bir qa'siyetsizlik islegen! Sol balani' bizin' klasqa berer me yedi, wo'zim woqtay qi'lar yedim, — dedi tiklenip.

Balalar ja'ne bir basi'li'p ku'ldi. Sebebi, direktor shi'g'i'p barati'rg'anda woni'n' arqasi'nda avtomobil-lerdin' aynasi'na qi'sti'ri'latug'i'n bes sawsaq klasqa «da'sh-da'sh» dep barati'rg'an yedi. Woni' ku'ni me-nen taxtani'n' aldi'nda turg'an Qabi'ldi'n' saqqi'z be-nen a'ste jabi'sti'ri'p qoyg'ani'n balalar ko'rdi de, biraq Wo'tepbergen mug'allim ko'rmey qalg'an yedi.

